A Tese tinoda zororo.

- ❖ Tese tinoda zororo, hapana chinosara. Kunyange mhuka dzinorida! Kunyangwe Adhamu naEvha vairida munyika yakakwana isina zvivi kana kunetseka. Mwari Pachezvake akazorora mushure memazuva matanhatu ebasa! (Gn. 2: 1-3).
- ❖ Mwari akatiraira kuti tizorore zuva rimwe mushure memazuva matanhatu ekushanda sezvaAkaita, uye kufara mukuwadzana Naye anguva iyoyo(Ekisodho20:8-11).

B Mwari ane hanya nezororo redu.

- ❖ Ngenyi Baruki—munyori waJeremiya—asina kuwana zororo(Jeremiya 45:1-5)?
- ❖ Jerusarema rainge riri panguva yakaomarara. Nebhukadhinezari akange arwisa guta uye akatora mamwe machinda nemidziyo yeTemberi gore rakange rapfuura(Dn. 1:1).
- ❖ Kunze kwezvo, Mwari anga achitumira mashoko nezvekuparadzwa kuburikidza nemuporofita Jeremiah. Baruki akapererwa. Akanga akaneta mupfungwa uye akashaya zororo.
- ❖ Mwari akapindura Baruki nenzira mbiri:
  - — <u>*Ndinonzwisisa kurwadziwa kwako*</u>. Zvinondirwadza kuti ndirange vana vangu, kuparadza avo vandakasika uye vandakachengeta nerudo
  - — <u>*Ndicakupa ʊupenyu bgako*</u>. Kunyangwe pakati pekuparadzwa, “ndicakupa ʊupenyu bgako ciʊe cinhu cakapambga panʒimbo dzose kwaunoenda.” (Jeremiya 45:5)
- ❖ Mwari ane vimbiso yakakosha uye yakanaka kune mumwe nemumwe wedu panguva yekusuwa nekurwadziwa. Anotipa zororo pakati pematambudziko edu.

C Zororo muBhaibheri:

- ❖ **Zororo muTestamende Yakare.**
  - — Mazwi akati oo eChiHebhuru akashandiswa pana“zororo” muTestamende Yakare:
    (1) *Shabbat*: Kurega basa, kuzorora, kutora zororo rekudakara.
    (2) *Nuakh*: Kuzorora, kugadzikana. Rinoshandiswa mumurairo wechina.
    (3) *Shaqat*: Kuva pazorora, kupa zororo, kunyarara, rugare.
    (4) *Raga`*: Rinoshandiswa muchimiro chekukonzeresa, ichitsanangura kusakwanisa kuzorora.
    (5) *Shakab*: Kuzvambarara pasi, kurara, kufa.
- ❖ **Zororo muTestamende Itsva.**
  - — Panewo mazwi eChiGiriki akati ooo pana “zororo” muTestamende Itsva:
    (1) *Anapauō*: Kuzorora, kudekara. Rinogona kureva zororo repanyama kana retsika.
    (2) *Hēsychazō*: Zororo reSabata, hupenyu hwakanyarara, mumwe munhu haana zvinopesana uye anoramba akanyarara.
    (3) *Katapauō*: Kukonzera kumisa, zorodza, zororo. Rinoshandiswa muna VaHebhuru 4.
  - — Muna Marko 6:31, Jesu akaraira vadzidzi Vake kuti vazorore. Nguva dzekuzorora dzakakosha kuchengetedza hutano hwedu uye hupenyu hwepamoyo. Tinofanira kutora nguva yekuzorora kana tichishanda nesimba, kunyangwe tiri kuita basa raMwari.

D Zororo risina Mwari.

- ❖ Apo Kaini ainge achitiza kubva kuna Mwari, aive achidzingirira zvinhu zvenyama, hukama hwevanhu, uye pamwe nehupenyu hwakabatikana, kuyedza kuzadzisa zvaaida zvekuzorora pamweya nenyasha dzamwari. Izvi ndozvazviri zvino, handizvo here?
- ❖ Kana tikararama hupenyu husina hwekungomhanyamhanya mukusagadzikana nguva dzose dzemazuva ose manomwe evhiki tisina zororo ratinoitirwa naMwari, tinorasikirwa nemaonero, tinoneta mumuviri, mupfungwa, uye nemumoyo, tochiregedza kunamata nekunzvera Bhaibheri, tobva tasuduruka kubva kune Chitubu chezororo nehupenyu.(Mateo 11:28).